

State of Rhode Island
Rhode Island Department of Children, Youth and Families



Tit 42
Zafè Leta ak Gouvènman
Chapit 72
Depatman Timoun, Jèn, ak Fanmi
Lwa Jeneral R.I. § 42-72-15

§ 42-72-15. Deklarasyon sou dwa timoun.

(a) Nenpòt timoun yo mete oswa yo trete anba sipèvizyon depatman an nan kèlkeswa etablisman piblik oubyen etablisman prive, yo pa dwe prive l de kèlkeswa byen pèsonèl li oswa dwa sivil li, sof ann amoni ak pwosesis regilye yo.

(b) Chak timoun yo mete oswa trete anba sipèvizyon depatman an nan kèlkeswa etablisman piblik oubyen etablisman prive dwe jwenn tretman avèk respè ak diyite tout lè, epi yo dwe montre anpil respè pou diyite pèsonèl timoun nan ak dwa l genyen anrapò ak vi prive l, ann amoni ak plan tretman timoun nan.

(c) Chak timoun yo mete nan yon etablisman sekirize anba sipèvizyon depatman an dwe jwenn pèmasyon pou l kominike avèk nenpòt moun, nenpòt gwoup moun, oswa nenpòt òganizasyon, ann amoni ak objektif tretman timoun nan; yo dwe ba l materyèl pou l ka ekri ak tenb pou l ka voye lèt; epi yo dwe ba l pèmasyon pou l fè oubyen resevwa apèl telefòn nan men avoka l, responsab legal li, reprezantan espesyal li, oswa moun ki konn plede pou timoun, nenpòt lè ki rezonab.

(d) Depatman an dwe adopte règ ak règleman ann amoni ak Lwa sou Pwosesis Administratif la, chapit 35 nan tit sa a, konsènan timoun yo mete nan etablisman ki sekirize, ki presize pwen ki vin apre yo:

(1) Ki lè yo gen dwa mare yon timoun oubyen mete l poukont li ak ki lè yo gen dwa itilize

fòs sou yon timoun;

(2) Ki lè chèf yon etablisman gen dwa limite fason yon timoun itilize oswa resevwa kourye

ak yon pwosesis pou yo voye tounen kourye ki pa ouvri; ak

(3) Ki lè chèf yon etablisman gen dwa mete restriksyon sou fason yon timoun kapab itilize

yon telefòn.

(e) Yon timoun ki nan yon etablisman sekirize anba sipèvizyon depatman an, nenpòt lè yo pase yon lòd pou mare l oubyen mete l poukont li, y ap mete yon kopi lòd la nan dosye klinik pèmanan timoun nan. Mete sou sa, nenpòt restriksyon yo mete sou fason yon timoun itilize yon telefòn oswa resevwa apèl telefòn, yo dwe mete l alekri; chèf etablisman an oswa moun li deziyen an dwe siyen lòd la; epi yo dwe mete l nan dosye klinik pèmanan timoun nan.

(f) Chak timoun yo mete oubyen trete nan yon etablisman sekirize anba sipèvizyon depatman an dwe jwen pèmisyon pou l resevwa vizitè selon restriksyon ki rezonab ann amoni ak plan tretman timoun nan. Chèf chak etablisman dwe tabli orè pou vizit epi l dwe enfòme tout timoun yo ak fanmi yo ak lòt vizitè yo konsènan orè yo. Yo dwe mete nenpòt restriksyon espesyal alekri; chèf etablisman an oubyen moun li deziyen an dwe siyen yo; epi yo dwe mete yo nan dosye klinik pèmanan timoun nan.

(g) Chak timoun gen dwa resevwa chèf relijye li, avoka l, responsab legal li, reprezantan espesyal li, oswa moun ki konn plede pou timoun, nenpòt lè ki rezonab.

(h) Yo pa dwe refize okenn moun travay, lojman, ran sèvis sivil, kèlkeswa lisans oubyen pèmi, san wete yon lisans pwofesyonèl, oswa kèlkeswa lot dwa sivil oubyen dwa legal, senpleman paske yo te mete yon moun anba sipèvizyon depatman an, swa kounye a, swa lontan, sof kote lalwa pèmèt sa.

(i) Chak timoun ki anba sipèvizyon depatman an gen dwa pou l gen yon avoka ak dwa pou l resevwa vizit nan men medsen ak pwofesyonèl sante mantal.

(j) Chak timoun dwe gen dwa pou l yo fè yon odisyon avè l, ann amoni ak règ ak règleman depatman an, si depatman an transfere timoun nan envolontèman nan kèlkeswa etablisman andeyò eta a, ann maoni ak pwosesis ki nan § 42-72-14.

(k) Yo dwe poste deklarasyon sou dwa timoun nan yon kote moun ka wè l fasil nan nenpòt etablisman sekirize ki fèt pou loje timoun.

(l) Tout moun ki bay sèvis depatman an achte sèvis nan men yo avèk yon kontra dwe dakò alekri pou l respekte deklarasyon sou dwa timoun nan e pou l poste l yon kote moun ka wè l fasil.

(m) Nenpòt timoun yo pa respekte dwa l selon deklarasyon sou dwa timoun nan, li gen dwa mande kòrèksyon ki apwopriye. Se sèlman tribinal fanmi an ki dwe gen jiridiksyon orijinal sou ka a, apa de nenpòt solisyon ki nan chapit 35 tit sa a.

(n) Yon timoun ki viktim oubyen ki temwen dwe jwenn pwoteksyon ki nan § 12-28-9 anba direksyon depatman timoun, jèn, ak fanmi an, epi depatman an dwe avize tribinal la, lapolis la, ak pwokirè a konsènan kapasite timoun ki viktim nan genyen pou l konprann e patisipe nan envestigasyon an ak nan pwosè tribinal la, epi konsènan efè pwosè a gendwa genyen sou timoun nan.

(o) Chak timoun yo mete sou kont depatman timoun, jèn, ak fanmi an dwe jwenn edikasyon ki apwopriye ki gratis, ann maoni ak lalwa leta a ak lalwa federal la. Kou yo kòmanse pran swen l, depatman an dwe asire timoun nan enskri nan yon pwogram lekòl. Pandan timoun nan sou kont depatman an, depatman an ak òganizasyon edikasyon leta yo ak òganizasyon edikasyon lokal yo dwe kowòdone efò yo ansanm pou yo ka kòmanse e kontinye edikasyon timoun nan san pèdi tan.

(p) Yo pa dwe refize okenn moun aksè ak tretman ki disponib pou yon kondisyon ki gen rapò ak alkòl oswa dwòg senpleman poutèt li te anba sipèvizyon depatman an, swa kounye a, swa lontan.

(q) Yo pa dwe fè diskriminasyon kont kèlkeswa timoun sou baz ras, koulè po, relijyon, zansèt, peyi kote yo soti, sèks, oryantasyon seksyèl, sèks yo afiche, nivo sosyal oubyen nivo ekonomik, oswa andikap mantal, fizik, devlopmanal, oubyen sans yo genyen, oswa paske l te gen rapò avèk yon moun oubyen yon gwoup moun ki gen youn nan karakteristik sa yo oubyen yo panse l gen

youn nan karakteristik sa yo.

Lwa kote seksyon sa a baze.

Lwa Piblik (P.L.) 1979, chapit 248, § 1; P.L. 1985, chapit 380, § 1; P.L. 1986, chapit 241, § 1; P.L. 1991, chapit 245, § 1; P.L. 2015, chapit 162, § 1; P.L. 2015, chapit 178, § 1.